

REZIME KLAS #16: Jesyon gwoup sipò pou alètman

1. **Gwoup Sipò pou Alètman Matènèl (GSAM)**
Fondasyon Kominote Lèt la se espas rankont ak enfòmasyon gratis pou kominite a, ak yo nou apiye yon fason pratik fanm ki vle bay tete e k ap chèche yon eksperyans levasyon konsyan, ki dirab ak bon tretman. Tout moun byenvini.

2. **GSAM yo se espas gratis.** Y ap akonpli yon misyon sosyal ak kominotè, kote y ap chèche pou pèsonn pa rete san sipò akòz mank resous ekonomik. Tèm ki diskite nan gwoup yo lye a devlopman alètman an nan chak etap li yo ak tèm ki lye a moman nan vi sa a tankou levasyon timoun, kijan pou bay tibebe swen, matènite, patènite, nesosite timoun ak manman, elt.

3. **Yon GSAM ka nan nenpòt espas.** Li ka nan yon kay, sou yon plas, nan yon rezo, yon espas kominotè, nan legliz, lekòl, elt. Li rekòmande pou espas la ayere e fasil pou jwenn. Li bon pou gen yon twalèt tou pre, yon espas kote yo ka chanje timoun yo e lave men. Nou ka gen yon espas tou pou timoun ki pi gran yo ka jwe.

4. Yon fason general, yon rankont gwoup sipò dewoule konsa:

- ✓ **Akèy:** nou salsye moun yo e remèsye yo paske yo la. Monitè a prezante l. Li endike tèm ki pral pale nan reyinyon an. Yo etabli kèk presip sou fonksyonman espas la ak reyinyon an. Nou ka reyalize yon dinamik pou yonn konn lòt pi byen, pa egzanp chak patisipan ka di non yo ak non bebe yo a.
- ✓ **Devlopman tèm yo:** nou dwe kòmanse pale de tèm santral reyinyon an. Li pa ta dwe depase 20 minit paske li pi difisil pou konsantre odela.
- ✓ Asistan yon ka **poze kesyon** pandan tèm nan ap diskite oswa pataje eksperyans yo. Li enpòtan pou n motive yo pale.
- ✓ **Orevwa:** olye pou n fèmen diskisyon an sou tèm nan, nou dwe pran 10 a 15 minit pou dènye kòmantè ak kesyon yo, pataje yon ti manje oswa yon ti bwè si sa disponib (ou ka motive menm manman yo pote yon ti manje pou pataje). Nou ka mete n dakò tou nan gwoup la sou tèm ak dat pwochen rankont lan.

5. La a nou pataje 14 tèm ki divize an 3 sik pandan yon lane:

Premye sik	Dezyèm sik	Twazyèm sik
✓ Benefis ki genyen nan bay tete	✓ kijan pou w mete tibebe a nan tete	✓ Kriz Kwasans
✓ Anatomy Glann Mamè a ak pwodiksyon lèt manman	✓ Pozisyon pou bay tete	✓ Somey timoun
✓ Jestasyon: preparasyon alètman m	✓ Bay tete sou demann	✓ Defi ki genyen nan bay tete
✓ Mit sou alètman	✓ Wol papa ak fanmi	✓ Fason pou pote timoun ak sekirite
	✓ Entwodiksyon nan manje solid ak kontinye bay tete	✓ Sevraj ak respe

6. Pou sipòte travay ou pral fè kòm fasilite a, ou ap genyen yon seri materyèl:

- ✓ **kat edikasyon:** sou yon bò, gen foto pou montre manman yo, sou lòt la, enfòmasyon enpòtan pou mete aksan sou yo.
- ✓ **Modèl tete ak bouch tibebe** pou ou ka bay egzanp sou fason pou fè yon kouplaj kòrèk.
- ✓ **Modèl gwoès lestomak tibebe** a pandan l ap grandi, pou montre kantite lèt li bezwen chak lè li manje.
- ✓ **Twal** pou montre kijan pou pote timoun ak sekirite ak ne ki mobil.

Sonje tou ou gen rezime chak klas ak nòt ou te pran yo, **ou dwe byen etidye yo pou prepare** e ou ka mennen yo avèk ou nan chak sesyon pou sonje sèten detay.

7. Depi w jwenn sètifika w la, w ap youn nan premye manm **Kominote Lèt ann Ayiti**, kote w ap an kontak ak lòt enstriktè nan peyi w ak nan peyi Chili. Objektif prensipal rezo sa a se kreye yon kominote, pou monitè yo gen yon espas kote yo ka sipòte youn lòt.

María José Herмосilla se moderatè rezo sa a, ou ka ekri li si ou gen nenpòt kesyon nan email sa a: mhermosilla@delaleche.com

Epi se Berthony Jean Philippe moun k ap ede nou kòm tradiktè, ou ka ekri l tou nan email sa a: ing.berthonyjp@gmail.com

Byenvini!



**KOMINOTE LÈT
ANN AYITI**